



# GID JENERAL SOU LOJMAN EKITAB

Komisyen Indiana sou Dwa Sivil (Indiana Civil Rights Commission) "ICRC"

## Kisa ki Lojman Ekitab?

Rezidan Indiana yo pa kapab sibi diskriminasyon sou baz ras, reliyon, koulè, sèks, andikap, eta fanmi (si yo gen timoun pi piti pase laj 18 lane), ni orijin nasyonal nan achte oswa lwe lojman.

Karakteristik ki pwoteje yo (anba lojman ekitab):

- Ras
- Relijyon
- Koulè
- Sèks
- Andikap
- Eta Fanmi
- Orijin Nasyonal

Baze sou nenpòt nan karakteristik ki pwoteje sa yo, founisè lojman yo PA kapab:

- Refize lwe oswa vann lojman
- Bay manti epi nye si genyen lojman ki disponib pou enspeksyon, lokasyon, oswa vann
- Refize bay yon pre ipotèk
- Enpoze diferan kondisyon oswa tèm sou yon pre
- Menase, fòse, oswa entimide kèlkeswa endividé k ap pratike yon dwa sou lojman ekitab
- Refize chanjman rezonab nan yon lojman pou akomode yon andikap

## Aksesibilite pou Moun ki genyen Andikap yo

Lalwa Indiana sou Lojman Ekitab egzije founisè lojman yo fè akomodasyon rezonab nan règ yo, politik yo, pratik yo, oswa sèvis yo ki nesesè pou akòde yon moun ki genyen yon andikap opòtinite egal pou li itilize ak jwi pwopriyete a.

Modifikasyon Rezonab:

- Kapab egzije apwobasyon plan yo
- Kapab egzije lokatè a remèt pwopriyete a nan kondisyon orijinal la
- Nòmalman yo sou pwòp depans finansye lokatè a

Akomodasyon Rezonab:

- Pèmèt zannimo sèvis
- Plas pakin asiyen
- Pèmèt transfè nan yon inite ki aksesib
- Pèmèt tèminasyon kontra avan lè

## Pwosesis Depoze Plent

**Rele, ekri, oswa vizite ICRC anliy oswa an pèsòn** nan lespas 1 lane depi dat aksyon diskriminasyon prezime a te fèt epi dekri sityasyon ou santi te diskrimine.

SKANE KÒD QR LA  
POU ALE SOU PÒTAL  
NOU AN JODI A!



Travay ki te founi baz pou publikasyon sila a te apiye ak finansman anba yon Akò Koperatif avèk Ministè Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an. Sibstans lan ak konklyzion travay la dedye ak publik la. Se ekriven an avèk publikatè a ki inikman responsab pou presiyon deklarasyon yo ak entèpretasyon yo ki nan publikasyon sa a. Entèpretasyon konsa yo pa nesesèman reflete opinyon Gouvènman an.

# Kontakte Nou

100 North Senate Avenue, Room N300  
Indianapolis, IN 46204

Biwo: (317) 232-2600

Apèl Gratis: (800) 628-2909

Moun ki Mal pou Tande yo: (800) 743-3333

Faks: (317) 232-6580

Entènet: [www.in.gov/icrc](http://www.in.gov/icrc)

## Opòtinite pou Lojman Egal

ICRC travay an kolaborasyon avèk patnè federal li a, Ministè Lojman ak Devlòpman Iben Ameriken an ("HUD"), pou envestige plent epi ògmante konsyans otou dwa sou lojman ekitab.

